



Pou Piblikasyon Imedya: 08/07/2015

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN DEKRÈ EGZEKITIF POU NOME AVOKA JENERAL NYS  
LA KÒM PWOKIRÈ SPESYAL NAN KA KOTE OFISYE LAPOLIS YO TE ENPLIKE  
NAN LANMÓ SIVIL**

*Gouvènè an siyen Dekrè Egzekitif ki akonpaye pa plizyè Defansè Kominote yo;  
Odyo a disponib [La](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te pibliye yon Dekrè Egzekitif No. 147, ki nome Avoka Jeneral Eta New York kòm yon pwokirè jeneral nan kesyon ki gen rapò a lanmò sivil ki pa gen zam ki te koze pa ofisye lapolis yo. Dekrè a ap pèmèt pwokirè spesyal la egalman pou egzamine ka yo kote gen yon kesyon keseswa sivil la te gen zam e li te danjere nan moman lanmò l. Gouvènè a te siyen Dekrè Egzekitif la apremidi a nan CUNY John Jay College of Criminal Justice nan Vil New York akonpaye pa plizyè douzèn defansè kominotè ak ofisyèl eli yo ki te pouse pou ranfòse sistèm jistis kriminel la nan New York.

**Gwen Carr, manman Eric Garner; Constance Malcolm, manman Ramarley Graham; Iris Baez, manman Anthony Baez; Hawa Bah, manman Mohamed Bah; Margarita Rosario, manman Anthony Rosario ak tant Hilton Vega ansanm te di:**

“Pandan plizyè deseni, fanmi nou yo ansanm avèk lòt Nouyòkè yo ke lapolis te touye te sibi enjistis repete, non sèlman pèdi manm fanmi yo akòz vyolans lapolis, ki gen responsabilite pou sèvi ak pwoteje yo men tou avoka distri lokal yo te te fayi nan responsabilite yo rann ofisye yo responsab dapre lalwa pou lanmò sa yo. Anpil nan nou te mande pou yon pwokirè spesyal pandan plizyè deseni, kidonk refòm sa ap avanse nan eritaj Nouyòkè yo ki te sibi lanmò enjis pase yo pandan lontan ak lidèchip fanmi nou yo. Jodia, Gouvènè Cuomo ap tandè vwa nou ansanm avèk lòt Nouyòkè yo ki sipòte egalite nan jistis pou adopte yon refòm enpòtan pou mete fen nan konfli enterè sa a. Anyen pap fè moun sa yo retounen ankò nan lavi fanmi yo, e sa pat janm sèlman osijè fanmi nou yo— li te osijè tout moun yo ki te vini apre nou paske nou konprann gwo chagren ak tèt chaje pou pèdi yon paran e pou sistèm jistis la pa fè anyen pou lavi yo. Pandanke New York ap pran yon lidèchip nasyonal avèk refòm sa a, gen anpil travay ki rete pou fèt pou asire ke lapolis pa touye enjisteman timoun nou yo ansanm avèk manm fanmi yo toudabò. Nou espere travay avèk Gouvènè Cuomo ansanm avèk lòt lidè yo pou fè New York ale delavan pou devlope etap enpòtan sa jodia pou mete fen nan règleman diskriminatwa ak abiziv kap menase fanmi ak kominote nou yo.”

**Dr. Hazel N. Dukes, Prezidan NAACP Konferans Eta New York te deklare:** “Sa a se yon dekrè egzekitif enpòtan ki pral asire ke kominote koulè yo enkli Afriken Ameriken, Panyòl ak lòt minorite yo pwoteje kont move kondwit lapolis. Avèk dekrè sa pou yon pwokirè spesyal nou pral gen pouvwa pou egzamine, ankete ak pouswiv ka yo kote yon sivil ki pa gen zam te jwenn lanmò. Nou remèsye Gouvènè Andrew Cuomo pou vizyon ansanm avèk angajman l pou pwoteje tout kominote nou yo.”

**Russell Simmons te deklare:** “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li te kenbe pwomès li pou siyen yon dekrè egzekitif pou nome yon pwokirè spesyal pou ka yo kote lapolis touye sivil ki pa gen zam. Sa a montre lidèchip Gouvènè Cuomo ta dwe pwovoke yon chanjman nan tout peyi a, kote chak eta gen yon pwokirè spesyal, ki san patipri kap ankete ka yo. Gen yon gwo bezwen pou yon laj refòm nan sistèm jistis kriminel la nan fason pou restore konfyans ant kominote a ak lapolis, e mwen kwè sa a se yon etap nan bon direksyon an. Toutfwa, mwen ankouraje lejislati Eta New York pou pase refòm konplè a lè yo retounen travay.”

**Michael Hardy, National Action Network, Vis Prezidan Egzekitif & Direktè Jiridik:** “Dekrè egzekitif sa se egzakteman sa nou te bezwen nan New York pou garanti ka yo kote lapolis enplike nan lanmò sivil nan tout limit lalwa. Mwen vle aplodi Gouvènè Cuomo paske li te pran etap sa a, paske se youn ke eta nou an— ak peyi nou an— bezwen grandman. Apresa, mwen espere ke lòt eta yo pral swiv lidèchip nou pou remete konfyans nan sistèm jidisyè a.”

**Soffiyah Elijah Direktè Egzekitif Asosyasyon Koreksyonèl New York:** “Gouvènè Cuomo Nome Avoka Jeneral la pa kòm Pwokirè Spesyal nan ka twoublan sa yo erezman siyale yon nouvo epòk nan responsabilite ki enpòtan pou asire yon pwosesis iminitè nan ajanda politik yo.”

**Avoka Jeneral Eric Schneiderman te deklare:** “Nan desanm, mwen te kanpe avèk defansè refòm yo ansanm avèk lòt otorite piblik yo pou mande atansyon nan kriz konfyans ki gen rapò a envestigasyon nan kote kote lapolis touye sivil ki pa gen zam. Jodia, Gouvènè Cuomo te pibliye yon dekrè egzekitif pou bay biwo mwen an pouvwa pou ankete e, lè li apwopriye, pouswiv ka sa yo. Mwen pat ka imajine yon responsabilite ki pi enpòtan, e biwo mwen an pral jere ka sa yo avèk pi wo nivo atansyon, pwofesyonalis, ak endepandans.”

**Ansyen Gouvènè David Paterson te deklare:** “Pou fanmi ak zanmi ki te pèdi yon paran akòz yon altèkasyon avèk ofisye lapolis yo, gen gwo nouvèl. Nominasyon yon pwokirè spesyal pral asire ke yo bay jistis ekitabman e ka sa yo mande pou atansyon ak swen ale delavan. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske yon fwa ankò li te pran pozisyon nan yon pwoblèm ki kontwovèsè e li te takle l dirèkteman.”

**Prezidan asanble Carl E. Heastie te deklare:** “Mwen espere ke Dekrè Egzekitif sa a pral bay kèk mezi soulajman pou fanmi yo, paske sa yo se ka ki merite yon egzaminasyon endepandan pou asire ke yo bay jistis. Ansanm avèk Gouvènè Cuomo,

nou pral kontinye lit la pou yon nouvo lwa ki pral pèmèt nominasyon yon pwokirè spesyal pou ankete ka yo lè lapolis itilize fòs mòtèl. Sa a pral ede restore konfyans piblik nan sistèm jistis nou an epi asire ke pwosè sa yo jis ak ekitab.”

**Depite Hakeem Jeffries:** “Nan yon demokrasi, tout moun gen dwa a pwoteksyon egal dapre lalwa. Toutfwa, lè yon ajan lapolis depase limit e li sanble ke li itilize fòs eksèsif sistèm jistis kriminel la souvan neglije pou kenbe ajan sa responsab. Fòk sa chanje. Lè yon ajan lapolis retire lavi yon sivil ki pa gen zam dwe gen yon ankèt ki jis ak objektif. Fason ki pi efikas pou fè sa se atravè nominasyon yon pwokirè endepandan. Gouvènè Cuomo merite konpliman pou vizyon l ansanm avèk lidèchip detèmine l sou dosye sa a.”

**Manm Asanble Keith L.T. Wright te deklare:** “Aprè anpil pale nan kominote yo ansanm avèk anpil ka enjistis, nominasyon Avoka Jeneral la kòm pwokirè spesyal nan ka move kondwit lapolis se bon etap pou New York. Pou plizyè deseni mwen te defann efò sa nan lejislati a e mwen gen konfyans sa pral ede restore konfyans ant kominote nou yo ansanm avèk lapolis pandan lap asire jistis a viktim krim atwòs sa yo. Nouyòkè yo kanpe pou benefisye grandman nan aksyon egzekitif Gouvènè Cuomo a e map rete tann pou m kontinye efò kolektif sa pou devlope yon rezolisyon pèmanan kap enkli refòm nan gran jiri a.”

**Senatè Adriano Espaillat te deklare:** “Nan resan mwa yo, kominote yo toupatou nan peyi a te twouble pa ka lapolis ki enplike nan lanmò sivil lanmò sa yo te retire konfyans nan sistèm jistis kriminel nou an. Mwen aplodi nominasyon Gouvènè Cuomo fè avoka jeneral la kòm pwokirè spesyal nan ka lapolis ki enplike nan lanmò sivil, e map rete tann pou m travay avèk li pou m jwenn yon solisyon pèmanan. Antretan mwen gen konfyans ke Avoka Jeneral Eric Schneiderman pral yon pwokirè spesyal ki jis.”

**Senatè Gustavo Rivera te deklare:** “Dekrè egzekitif sa a se yon etap pozitif ki montre fayit Sena ki sou kontwòl Repibliken pou pase yon refòm jistis kriminel ki esansyèl. Li pral fè yon wout long nan fason pou restore konfyans piblik nan sistèm jistis nou an pandan nap travay pou pase yon solisyon pèmanan nan lejislati a. Nou gen yon sistèm ki pa fonksyone ki pa trete tout Nouyòkè yo egalego dapre lwa e mwen felisite Gouvènè Cuomo paske li te pran etap enpòtan sa a pou refòm l.”

**Senatè Ruth Hassell-Thompson te deklare:** “Soti nan Ramarley Graham a Michael Brown, peyi nou an te obsève twòp ka lanmò nan men lapolis. Grasa lidèchip Gouvènè Cuomo, New York ap bay temwayaj ke yo ka jere ka trajik sa yo avèk endepandans ak ekite. Jis yon lanmò se twòp, e lè nou nome yon pwokirè spesyal, eta sa a ap pran yon etap kouraje nan bon direksyon an.”

**Manm Asanble Michael Blake te deklare:** “Jodia, ark moral inivè a sètènman panche nan direksyon jistis pandan map konplimante Gouvènè Cuomo paske li siyen dekrè egzekitif sa pou nome Pwokirè Jeneral Schneiderman kòm yon pwokirè spesyal. Kòm Ko-Prezidan Komite Jistis Kriminel Nwa, Pòtoriken, Panyòl & kokis Lejislatif Azyatik, nou te pouse pou viktwa sa a kòm yon pati nan pake jistis kriminel 'Anvan, Pandan &

Aprè pou kanpe pou fanmi yo. Lè nou oblije itilize fraz 'BlackLivesMatter,' li se yon rapèl ke twòp nan nou panse ke anpil lòt pa kwè ke lavi ak jistis nou konte. Fanmi viktim sa yo pap janm rejwenn fanmi yo ankò. Men, nou ba yo diyite lè nou pran yon etap ki klè pou asire ke plis fanmi ap gen yon chans pou jwenn jistis. Pifò ajan yo ap fè yon travay ki gran ak nòb. Desizyon jodia senpleman asire ke lè ka enjistis rive, gen posibilite pou fè konnen ke lavi enpòtan.”

**Manm Asanble Nick Perry te deklare:** “Pou fanmi ak defansè yo ki te travay san pran souf pou yon pi bon sistèm jistis, dekrè egzekitif ki te pibliye jodia enpòtan anpil. Mwen fyè pou m kanpe bò kote Gouvènè Cuomo nan nominasyon l pou yon pwokirè speysal, efikasman ap ede sila yo ki ta otreman pa gen yon vwa. Jodia, nou pral pran yon gwo etap pwogrè nan lit pou refòme sistèm jistis nou an, e mwen remèsye Gouvènè a paske li te pran aksyon rapid sou kesyon sa ki esansyèlman enpòtan.”

**Senatè Kevin Parker te deklare:** “Ka lanmò resan sitwayen nan men ajan lapolis yo te kite yon santiman dekourajamn pou moun yo nan peyi a. Jodia, sou direksyon Gouvènè Cuomo, nap pran yon gwo etap nan pote plis transparans nan ka sa yo ki te retire konfyans piblik nan sistèm jistis kriminel nou an. Akoz angajman Gouvènè a pou konble fose divizyon ant kominote nou yo ansanm avèk lapolis, nap prale delavan kòm yon vil e kòm yon eta.”

**Senatè Bill Perkins te deklare:** “Lè yon moun ki pa gen zam mouri kòm rezilta de yon entèaksyon avèk anplwaye lapolis, nou dwe absoliman sèten ke ankèt ki soti a endepandan, apwofondi, ak plènman nan pouswit jistis. Jodia, Gouvènè Cuomo ap kanpe pou asire ke sa rive. Mwen felisite Gouvènè a pou dekrè egzekitif li te pran pou nome yon Avoka Jeneral pou kontwole ka sa yo – se vrè bagay ki dwe fèt.”

**Defansè Piblik Vil New York Letitia James te deklare:** “Desizyon Gouvènè Cuomo pou nome yon pwokirè spesyal nan krim ofisyèl lapolis yo pèpetre kont sivil yo se yon desizyon enpòtan nan direksyon pou refòme jistis kriminel la. Pwokirè distri yo repoze fondamantalman sou koperasyon lapolis chak jou, e nou bezwen mekanis anplas pou evite konfli enterè epi kenbe objektivite nan ka vyolans lapolis yo. Mwen te premye mande pou yon pwokirè spesyal nan kalite ka sa yo ki vini touswit apre non-akizasyon ofisyèl Pantaleo nan ka Eric Garner, e mwen kontan pou m wè pwogrè yo.”

### **Wap jwenn Dekrè Egzekitif Konplè a anba:**

No. 147

## **DEKRÈ EGZEKITIF**

### **YON PWOKIRÈ SPESYAL POU ANKETE AK POU SWIV KESYON KI GEN RAPÓ A KA LANMÓ AJAN LAPOLIS YO PÈPETRE SOU SIVIL YO**

**ALÓSKE** Konstitisyon Eta New York oblije Gouvènè a asire ke lwa New York yo

egzekite fidèlman; e

**ALÓSKE**, Mwen sèmanse solanèlman, konfòmeman a Atik 13, Seksyon 1 nan Konstitisyon an, pou m sipòte Konstitisyon an epi fidèlman dechaje responsabilite biwo Gouvènè a; e

**ALÓSKE**, te genyen resan ensidan ki enplike lanmò sivil ki pa gen zam ki te defye konfyans piblik la ak konfidans nan sistèm jistis nou an; e

**ALÓSKE**, yo te souve enkeytid piblik ke kalite ensidan sa yo pa ka pouswiv nan nivo lokal san konfli oswa patipri, oswa pèsesyon piblik la sou konfli oswa patipri; e

**ALÓSKE**, li nesèsè pou asire ke yon ankèt konplè, motive ak endepandan nan pouswit yon ensidan dewoule san konfli oswa patipri, oswa pèsesyon konfli oswa patipri; e

**ALÓSKE**, sa ki presede a fòse m pou m konkli obligasyon konstitisyonèl mwen prevwa ke nan ka kote yon konfli enterè reyèl oswa ke yo pèsèwa ki egziste, ak pou asire konfyans konplè nan sistèm jistis kriminel nou an, yo dwe nome yon pwokirè spesyal osijè ensidan sa yo. Nominasyon pwokirè spesyal sa pral ranplase nan tout fason otorite ak jiridiksyon yon avoka distri konte pou jere, entèprete, pouswiv oswa fè demann sou kalite ensidan sa yo; e

**KOUNYE, ANKONSEKANS, MWEN ANDREW M. CUOMO**, Gouvènè Eta New York, anvèti otorite konstitisyon Eta New York la ban mwen, e patikilyèman nan sou-seksyon 2 nan seksyon 63 nan Lwa Egzekitif, egzije nan dokiman sa Avoka Jeneral (si apre, "pwokirè spesyal") pou ankete, e si li garanti, pouswiv sèten ka ki enplike lanmò yon sivil ki pa gen zam, keseswa li nan prizon ou non, ki te fèt pa yon ajan lapolis, jan li liste nan sou-divizyon 34 nan seksyon 1.20 nan Lwa sou Pwosedi Kriminèl la. Pwokirè Spesyal la ka ankete tou epi pouswiv ka sa yo kote, nan opinyon l, gen yon kesyon enpòtan sou si sivil la te gen zam epi danjere nan moman lanmò l;

**ANSWIT**, pou nenpòt pwoblèm ki kouvri la, pwokirè spesyal la ap gen pouvwa ak responsabilite ki spesifye nan sou-divizyon 2 ak 8 nan seksyon 63 nan Lwa Egzekitif la pou bi Dekrè sa, e li pral posede ak egzèsè tout pouvwa pouswit ki nesèsè pou ankete, e si li jistifye, pouswiv ensidan. Konpetans pwokirè spesyal la pral deplase ak ranplase jiridiksyon avoka distri konte a kote ensidan an te rive; e avoka distri konte sa yo ap gen sèlman pouvwa ak responsabilite ki deziyen a li menm pa pwokirè spesyal la jan li spesifye nan sou-divizyon 2 nan seksyon 63 nan Lwa Egzekitif la;

**ANSWIT**, pou nenpòt pwoblèm ki kouvri la, pwokirè spesyal la pral fè yon ankèt konplè, motive ak endepandan enkli, men ki pa limite a, (i) rasanble ak analize evidans, (ii) reyalize entèvyou avèk temwen yo, e (iii) egzamine rapò ankèt yo, rapò syantifik, ak anrejistreman videyo ak odyo;

**ANSWIT**, pou tout kesyon ki vize la, pwokirè spesyal la pral, (i) patisipe anpèsan, yon tèm oswa tèm yo nan Konte oswa Tribinal Siprèm kap fèt nan ak pou Konte kote yon

jiridiksyon konsa apwopriye konfòm avèk Dekrè a, (ii) konparèt anpèsan devan nenpòt gran jiri ki etabli pou nenpòt tèm (yo) nan tribinal sa, nan bi pou fè nenpòt ak tout pwosè, egzaminasyon, ak demann, ak (iii) pote nenpòt ak tout aksyon kriminel ak pwosè ki te ka fèt oswa pote devan gran jiri sa ansanm avèk lòt gran jiri yo konsènan oswa ki gen rapò a nenpòt ak tout swadizan zak ilegal jan li dekri pa Dekrè sa;

**ANSWIT**, pou nenpòt kesyon ki kouvri la, pwokirè speysal la pral ban mwen, oswa moun mwen chwazi a, yon rapò sou tout ka yo kote, (i) pwosekitè spesyal la refize prezante evidans a gran jiri a osijè lanmò yon sivil jan li dekri nan Dekrè a, keseswa nan prizon ou non, swadizan koze pa yon ajan lapolis, oswa(ii) gran jiri a refize pou retounen yon zak akizasyon sou nenpòt chaj. Rapò a ap gen ladan, nan limit posib ak legal, yon eksplikasyon sou rezilta sa ansanm avèk nenpòt rekòmandasyon pou refòm sistèm nan ki ta soti nan ankèt la.

Dekrè Egzekitif la pral kontinye jiskaske Gouvènè a modifye l, sispann oswa tèmine l.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany nan wityèm jou mwa jiyè nan ane de mil ken.

PA GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418